

ALOKASYON ASISTANS LAJAN KACH ANPLIS (Haitian Creole)

Ou ka kalifye pou resevwa yon sibvansyon lajan kach anplis si ou mete yon moun sou bidjè ou, oswa si ou satisfè sèten bezwen espesyal.

ÈSKE NENPÒT NAN SITIYASYON SA YO APLIKE POU OU?

LÒT MOUN KI LAKAY OU	SÈVIS SIPÒ KI ASOSYE AVÈK AKTIVITE TRAVAY
<p>Si ou gen yon nouvo tibebe, oswa si yon timoun oswa yon adilt te vin abite lakay ou pa twò lontan, ou ka kalifye pou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • asistans lajan kach anplis pou manje, pou peye lwaye, ak pou lòt bezwen • avantaj anplis nan Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP)). 	<p>Si w ap patisipe nan aktivite travay nou apwouve, ou ka kalifye pou jwenn sèvis sipò tankou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • alokasyon pou sèvis gadri nan limit ki apwouve, si li nesèsè • sèvis transpò piblik ki nesèsè • rad pou patisipan k ap chèche travay ki gen g sikonstans grav, tankou sanzabri oswa yon dife ki te pran lakay ou, ak rad • frè pou peye pou lisans ki asosye avèk aktivite travay/angajman, inifòm oswa manje dirab, nan limit ki apwouve, depi ou soumèt dokiman ki sètifye ou nan nesèsite pou atik sa yo <p>N ap ba ou sèvis sipò ki nesèsè yo lè ou kòmanse yon aktivite travay. Si ou bezwen chanjman, oswa si ou pa resevwa yon sèvis ki nesèsè, ou ka aplike nan Sant Djòb ou pou yon alokasyon anplis.</p>
OU BEZVEN LAJAN ANPLIS POU MANJE	
<p>Si ou pa kapab prepare manje poukont ou lakay ou paske fou ou, founo kuizin ou oswa frijidè ou pa fonksyone, oswa si w ap viv nan yon kay ki pa gen kuizin, oswa si ou malad anpil, ou ka kalifye pou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • yon alokasyon pou restoran, oswa • yon alokasyon pou yo livrezon manje lakay ou 	<p>N ap ba ou sèvis sipò ki nesèsè yo lè ou kòmanse yon aktivite travay. Si ou bezwen chanjman, oswa si ou pa resevwa yon sèvis ki nesèsè, ou ka aplike nan Sant Djòb ou pou yon alokasyon anplis.</p> <p>Ajans ak/oswa kontraktan WEP yo responsab pou bay ekipman sekirite ki nesèsè oswa rad ki asosye avèk djòb la pou patisipan yo.</p> <p>Lòt sèvis ak èd disponib, tankou konsèy pou entèvansyon nan kriz, abi alkòl ak dwòg, ladrès pou viv nan sosyete ak ladrès pou edike timoun ak gadri pou adilt ki entatad. Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Travayè Sosyal ou.</p>
BEZVEN POU LOJMAN AK ABRI	
<p>Peman lwaye anreta pou evite degèpisman ou</p> <p>Peman ipotèk ak/oswa taks kay anreta pou evite Yo sezi kay la</p> <p>Peman pou konsève oswa pou rebran sèvis piblik (yo)</p> <p>Yon alokasyon pou gaz chofaj de fwa pa mwa si depans pou chofaj ou pa fè pati nan peman lwaye ou</p> <p>Alokasyon anplis pou gaz</p> <p>Peman pou reparasyon kay si nou deside reparasyon yo nesèsè pou sante ak sekirite ou, oswa si kay la dwe repare pou ka toujou revni</p> <p>Peman pou reparasyon, oswa nan kèk ka pou ranplase, aparèy kay ou posede, tankou ekipman chofaj, fou oswa frijidè</p> <p>Lajan pou achte mèb ak atik enpòtan pou kay la si:</p> <ul style="list-style-type: none"> • w ap kite yon otèl oswa yon motèl pou ale nan yon kay pèmanan ki pa gen mèb • w ap viv poukont ou, epi ou te jwenn egzèy nan yon enstitisyon, epi ou pa kapab jwenn kay ki gen mèb • yon manm fanmi retounen lakay ou apre li egzèyate nan yon mezon retrèt oswa nan yon enstitisyon • li nesèsè pou sante ak sekirite ou pou abite nan yon kay ki gen mèb <p>Si ou dwe demenaje, ou ka kalifye pou peman:</p> <ul style="list-style-type: none"> • depans pou demenajman • depo garanti/akò • frè/dokiman komèsyal koutye • estokaj mèb ak byen pèsònèl 	<p style="text-align: center;">GWOSÈS</p> <p>Si ou bay dokiman medikal ki montre dat tibebe ou ap fèt, epi ou ansent depi omwen kat (4) mwa, w ap kalifye pou yon lòt \$50 pa mwa nan sibvansyon ou.</p> <p style="text-align: center;">PÈT NAN KATASTWÒF</p> <p>Si ou te pèdi mèb ou oswa rad ou pa twò lontan nan yon dife, lòt katastwòf, ou ka kalifye pou yon alokasyon pou ranplase atik sa yo.</p> <p style="text-align: center;">FRÈ POU PEYE POU KAN</p> <p>Lè ou pa ka jwenn lajan nan lòt sous, ou ka kalifye pou yon alokasyon pou frè pou peye nan kan pou timoun yo.</p> <p style="text-align: center;">ALOKASYON POU ANTÈMAN</p> <p>Si depans pou antèman an pa depase \$1,700, san depans pou kav nan simityè oswa depans pou ensinerasyon pa ladan, ou ka aplike nan Inite Demann Antèman (Burial Claims Unit) nan 60 jou ki vini apre lanmò a:</p> <p>25 Chapel Street Room 606 Brooklyn, NY 11201</p> <p>Ou ka kalifye pou resevwa yon avantaj pou antèman pou apeprè \$900.</p>

FASON POU MANDE LÒT ASISTANS

Ou kapab mete yon moun nan bidjè ou, oswa ou kapab mande pou yo ba ou yon alokasyon pou bezwen espesyal ou yo nan kat (4) fason – Ou kapab ale an pèsòn nan Sant la, ou kapab fè sa nan telefòn, pa lapòs oswa nan faks. Ou ka bezwen kontakte yon lòt biwo ki la pou resevwa sèten avantaj.

Si ou ale nan Sant Djòb la pou wè travayè sosyal ou, y ap wè ou nan menm jou a. Yon travayè sosyal ki afekte nan sèvis la ap ede ou avèk fòm demann lan. Si ou pa kapab tann pou wè yon Travayè Sosyal ki nan sèvis la, ou kapab mande resepsyonis lan pou ba yon fòm demann. ranpli fòm nan, epi kite li ba resepsyonis lan, k ap ba ou yon kopi fòm nan ki gen dat. Oswa ou kapab ale avèk fòm nan lakay ou, epi ou voye fòm ou ranpli a ba Travayè Sosyal la pa lapòs. Si ou fè yon demann anpèsòn, Travayè Sosyal la ka ba ou yon fòm tou ki gen lis dokiman w ap gen pou pote yo pou pwouve bezwen ou.

Si ou fè demann ou nan telefòn oswa pa lapòs, Travayè Sosyal la ap voye yon kopi fòm demann ki ranpli a ba ou ak yon lis dokiman w ap gen pou bay pou pwouve bezwen pou demann ou.

Si ou bezwen èd pou jwenn dokiman yo, fè Travayè Sosyal la konnen sa, epi l ap ede ou. Si ou bezwen plis tan pou jwenn dokiman yo, eksplike Travayè Sosyal la sa anvan dat limit pou soumèt dokiman ou yo.

Si ou vle mete yon moun ki gen laj 18 tan oswa plis sou bidjè ou, moun sa a ap gen pou ale nan Sant Djòb la pou aplike anpèsòn.

Travayè Sosyal la ap detèmine si ou kapab fè mete yon moun sou bidjè ou, oswa si ou kalifye pou yon alokasyon espesyal. Travayè Sosyal la ap voye yon avi ba ou pou li fè ou konnen desizyon an. Si ou jwenn refi pou demann ou, avi a fè ou konnen rezon ki fè ou jwenn refi a. Travayè Sosyal la dwe pran yon desizyon nan 30 jou ki vini apre dat demann ou, oswa anvan, pou rezoud yon sityasyon ki ijan.

Si ou panse desizyon nou an pa t kòrèk, ou kapab mande pou yon revizyon desizyon nou. N ap korije erè nou yo. Ou kapab fè 1 ak 2 alafwa: 1. Mande pou genyen yon reyinyon (konferans); 2. Mande pou gen Odyans san Patipri devan yon Ofisyè Odyans Eta a.

1. **Konferans** (reyinyon ki pa ofisyèl avèk nou): Si ou panse desizyon nou pa t kòrèk, oswa si ou pa konprann desizyon nou an, tanpri rele nou pou pran randevou pou yon reyinyon. Pou fè sa, rele Sant ou, epi fè resepsyonis lan konnen ou vle pou gen yon konferans avèk Ajans lan. Si ou pa konnen nimewo telefòn prensipal pou Sant ou, ou kapab rele liy dirèk Enfòmasyon HRA (HRA Information Line) pou chèche konnen nimewo kòrèk pou rele a. Nimewo telefòn pou liy dirèk Enfòmasyon HRA se **(877) 472-8411**. Pafwa yon konferans se fason ki pi rapid pou rezoud nenpòt pwoblèm ou ka genyen. Nou ankouraje ou fè sa menm lè ou te mande pou gen yon Odyans san Patipri.

2. **Odyans San Patipri**: Ou ka mande pou gen yon Odyans san Patipri nan Eta a alekri, nan telefòn, nan faks, an pèsòn oswa nan Entènèt.

Alekri: Poste yon lèt nan Office of Administrative Hearings, NYS Office of Temporary and Disability Assistance, **P.O. Box 1930, Albany, NY 12201-1930** (Tanpri konsève yon kopi pou ou.)

Telefòn: Rele **(800) 342-3334**

Faks: Fakse yon lèt nan **(518) 473-6735**

Anpèsòn: Ale nan New York State Office of Temporary and Disability Assistance nan **14 Boerum Place, Brooklyn, NY 11201**.

Nan

Entènèt: Ranpli yon fòm demann sou Entènèt nan sit wèb: <http://www.otda.ny.gov/oah/forms.asp>